

## Kisa yon Zòn Antrepriz ye?

Yon Zòn Antrepriz gen ladan sektè ki bezwen amelyorasyon ekonomik. Pwogram Zòn Antrepriz Orange County te kreye an 1995.

Pwogram Zòn Antrepriz Orange County a ofri ranbousman taks Eta Florid ak kredi ba biznis ki envesti nan sektè Zòn Antrepriz la.

Ankourajman sa yo ede redui kou relokalizasyon biznis yo, travo pou agrandi biznis la ak kreyasyon djòb, pandan y ap pwomouvwa envestisman nan kominote kin an Zòn Antrepriz la.

Orange County gen de (2) Zòn Antrepriz. Andedan Zòn Antrepriz Orange County a genyen pòsyon nan vil Eatonville, Vil Orlando ak sektè nan Orange County ki poko gen minisipalite.

Zòn Antrepriz South Apopka gen pòsyon nan Vil Apopka andedan li ansanm ak kominote ki pa gen minisipalite tankou South Apopka ak Zellwood.

## Jwenn plis detay sou Zòn Antrepriz lan

Pèsonèl Zòn Antrepriz la kapab reponn kèlkeswa kesyon ou ta genyen, yo kapab ede w deside si ou kalifye pou òf sa yo epi ede w ranpli fòm aplikasyon pou pwomosyon Zòn Antrepriz (EZ) yo.

Rele nou pou kapab benefisye yon konsiltasyon ki itil e gratis nan telefòn oswa nan biznis ou epi konstate kijan EZ KAPAB MACHE POU W!

Orange County Planning Division  
Luis Nieves-Ruiz, AICP  
Senior Planner  
201 S. Rosalind Avenue, 2nd Floor  
Orlando, FL 32802  
Telefòn: (407) 836-5600  
Faks: (407) 836-5862

Pou kapab jwenn asistans pou malantandan oswa pou enfòmasyon nan lang Panyòl, rele Orange County Government Service Center nan 311 oswa 407-836-3111.

[www.ocfl.net/ezone](http://www.ocfl.net/ezone)



Orange County/South Apopka

Pwogram Zòn Antrepriz



**N ap founi ankourajman  
pou ede w agrandi  
biznis ou**

[www.ocfl.net/ezone](http://www.ocfl.net/ezone)

## EZ kapab mache pou w!

Pwogram Zòn Antrepriz fè sa vin izi «EZ» pou antrepriz yo mache byen anske yo ofri posibilite pou ranbouse taks poutèt yon biznis te relokalize oswa yon biznis te vin agrandi, poutèt biznis lan te investi nan komiinite a, oswa poutèt yo te renove pwopriyete a ki andedan zòn lan.

Nan pami ankourajman sa yo genyen:

- Ranbousman taks sou pwopriyete ad valorèm pou etablisman ki okipe timoun
- Kredi taks pou kontribisyon nan kominote a
- Kredi taks pou djòb
- Kredi pou taks sou pwopriyete
- Ranbousman taks sou acha pou etablisman an (Sales Tax)



*Workscapes te benefisye anpil nan ankourajman nou ofri yo apre yo te relokalize biznis yo andedan sektè Zòn Antrepriz la.*

## Ankourajman EZ yo

### Ad valorèm pou Etablisman ki okipe timoun Ranbousman taks sou pwopriyete

Biznis otorize ki okipe timoun ki sitye nan Zòn Antrepriz lan kapab kalifye pou ranbousman taks sou pwopriyete ad valorèm, si se pwopriyete biznis ki okipe timoun lan ki pwopriyete bilding etablisman an tou.



*Sunshine Preschool ekonomize apepre \$2500 chak ane nan taks sou pwopriyete poutèt li patisipe nan Pwogram Zòn Antrepriz lan.*

### Kredi taks poutèt kontribisyon nan kominote a

Biznis nan Eta Florid yo kapab resevwa yon kredi taks ki dwe yo ki 50 pousan pandan yon ane fiskal grasa don yo fè nan pwojè devlopman kominote a ki sitye andedan Zòn Antrepriz la.

### Kredi taks pou djòb

Biznis ki sitye andedan Zòn Antrepriz lan kapab jwenn yon kredi taks revni konpayi oswa yon kredi taks sou lavant poutèt yo te kreye djòb.

## Ankourajman EZ yo

### Kredi taks sou pwopriyete

Nouvo biznis oswa biznis ki agrandi ki sitye andedan Zòn Antrepriz la kapab resevwa yon kredi sou taks Eta Florid faktire sou revni konpayi a ki egal a 96% taks ad valorèm ki te peye sou nouvo pwopriyete a oswa sou pwopriyete konpayi a te amelyore.

### Ranbousman taks sou lavant

Yon biznis ki sitye nan Zòn Antrepriz lan kapab kalifye pou ranbousman taks sou lavant sou acha ekipman pou biznis la ak materyo bilding li te achte pou konstrui oswa pou renove pwopriyete a. Pwopriyete kay yo kapab kalifye tou pou ranbousman taks sou lavant materyo pou konstriksyon bilding.



*Bradford Botanicals, Inc. te agrandi biznis plant li nan South Apopka epi li te resevwa plis pase \$5,000 ranbousman taks sou lavant sou materyo bilding ak ekipman biznis li te achte yo*